

BAB III


MÉTODE PANALUNGTIKAN

Métode nu digunakeun dina ieu panalungtutikan patali jeung métode dina ulikan filologi jeung struktural. Métode dina ulikan filologi patali jeung métode panalungtikan naskah, sedengkeun struktural ngagunakeun métode anu umum dilaksanakeun dina panalungtikan sastra.

Métode nu digunakeun dina ieu panalungtikan téh nya éta métode déskriptif kalawan ngagunakeun pamarekan kualitatif (Arikunto, 2013). Métode déskriptif digunakeun pikeun ngadéskripsikeun hasil transliterasi jeung struktur nu aya dina naskah “Wawacan Ogin Amar Sakti”. Moleong (2012, kc. 6) nétélakeun yén pamarekan kualitatif nyaéta pamarekan anu miboga tujuan pikeun maham kajadian nu aya dina objék panalungtikan ngaliwatan déskripsi dina wangun kecap atawa basa dina hiji kontéks anu husus jeung ngagunakeun rupa-rupa métode ilmiah. Lian ti éta, Nazir (2011, kc. 52) nétélakeun yén métode déskriptif miboga tujuan pikeun ngadéskripsikeun hiji hal sacara sistematis kana naon nu ditalungtikna. Kagiatan anu dilaksanakeun dina métode déskriptif téh di antarana ngadéskripsikeun, nyatet, nganalisis, jeung interprétasi kaayaan anu karandapan.

3.1 Desain Panalungtikan

Desain panalungtikan nyaéta rarancang anu disusun ku panalungtik anu eusina léngkah-léngkah panalungtikan nu bakal dilaksanakeun (Arikunto, 2013, kc. 90). Anapon léngkah-léngkah nu dilaksanakeun dina ieu panalungtikan téh dibagankeun saperti di handap.



Bagan 3.1

Desain Panalungtikan


Lian ti léngkah-léngkah panalungtikan di luhur, dina ulikan filologi ngagunakeun léngkah-léngkah anu husus digunakeun. Fathurrohman (2015, kc. 69) nétélakeun yén léngkah-léngkah dina ngalaksanakeun panalungtikan filologi di antarana: 1) nangtukeun téks, 2) invéntarisasi naskah, 3) déskripsi naskah, 4) babandingan naskah jeung téks, 5) nyunting téks, 6) nerjemahkeun téks, jeung 7) analisis eusi. Dina ieu panalungtikan dilaksanakeun invéntarisasi, déskripsi naskah, jeung transliterasi ngagunakeun ulikan filologi, sedengkeun struktur ngawengku struktur formal jeung struktur naratif.

3.2 Data jeung Sumber Data Panalungtikan

Sumber data mangrupa subjék ti mana éta data dicangking. Lofland jeung Lofland (dina Moleong, 2012, kc. 157) nétélakeun yén sumber data utama dina panalungtikan kualitatif nya éta kekecapan jeung paripolah anu ditambahan ku data tina dokumén séjén.

Sumber data primer dina ieu panalungtikan téh nya éta “Wawacan Ogin Amar Sakti”. Dina milih sumber data dina ieu panalungtikan, saméméhna ngalaksanakeun invéntarisasi naskah di perpustakaan dumasar kana katalog naskah. Dumasar kana katalog naskah kapanggih “Wawacan Ogin Amar Sakti” anu judulna rupa-rupa, aya “Wawacan Ogin”, “Ogin”, “Wawacan Ogin Amar Sakti”, “Lalakon Ogin Amar Sakti”, jrrd. Anapon ieu naskah téh asalna ti sababaraha wewengkon, saperti Banjaran, Pangalengan, Cianjur, Bandung, jrrd. (Ekadjati & Darsa, 1999; Harahap, spk., 2000).

Dumasar kana invéntarisasi naskah, “Wawacan Ogin Amar Sakti” nu dijadikeun sumber data dina ieu panalungtikan can kacatet dina katalog naskah. Ieu naskah téh ayana di Kampung Lampegan RT 01/06, Désa Gunung Masigit, Kec. Cipatat, Kab. Bandung Barat. Ieu naskah ditulis ngagunakeun aksara Pégon, ditulis dina kertas polio, anu kandelna aya 315 kaca. Ieu naskah mangrupa arsip pribadi Aki Sumitra anu diwariskeun ti Aki Uho. Sedengkeun data sékunder dina ieu panalungtikan téh di antarana buku, artikel, jeung panalungtikan saméméhna anu ngarojong kana ieu panalungtikan. Ieu di handap mangrupa kaca mimiti “Wawacan Ogin Amar Sakti”.



Gambar 3.1

Kaca Mimiti Naskah “Wawacan Ogin Amarsakti”

3.3 Téhnik Ngumpulkeun Data

Téhnik ngumpulkeun data nu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta téhnik wawancara, talaah pustaka jeung dokuméntasi. Téhnik wawancara digunakeun pikeun mikanyaho masalah nu bakal ditalungtik jeung raratan naskah ngaliwatan wawancara ka nu boga naskah. Sedengkeun téhnik talaah pustaka jeung dokuméntasi digunakeun pikeun meunangkeun data anu diperlukeun dina panalungtikan.

Léngkah-léngkah nu dilaksanakeun dina ieu panalungtikan nyaéta:

- 1) ngaalih-aksarakeun naskah “Wawacan Ogin Amar Sakti” tina aksara Pégon kana aksara Latén; jeung
- 2) maluruh struktur formal jeung naratif naskah “Wawacan Ogin Amar Sakti”.

3.4 Téhnik Ngolah Data

Sabada data kakumpul, ieu data téh diolah ngagunakeun téhnik analisis. Bogdan (dina Sugiyono, 2012, kc. 88) nétélakeun yén analisis data mangrupa prosés néangan jeung nyusun data sacara sistematis anu dicangking tina prosés wawancara, catetan lapangan, jeung bahan séjénna nepi ka bisa dipipaham tur hasilna bisa ditepikeun ka jalma séjén. Ieu téhnik téh digunakeun pikeun meunangkeun hasil transliterasi jeung analisis struktur nu aya dina naskah.

Léngkah-léngkah ngolah data dina ieu panalungtikan nyaéta:

- 1) ngadéksripsikeun raratan naskah jeung kaayaan naskah “Wawacan Ogin Amar Sakti”;
- 2) midangkeun hasil transliterasi naskah “Wawacan Ogin Amar Sakti”; jeung
- 3) nganalisis struktur formal jeung naratif nu aya dina naskah “Wawacan Ogin Amar Sakti”.

3.5 Instrumén Panalungtikan

Instrumén panalungtikan nyaéta alat nu digunakeun ku panalungtik dina ngumpulkeun data sangkan leuwih babari dina prosés panalungtikanna. Instrumén nu digunakeun dina ieu panalungtikan téh nya éta pedoman wawancara pikeun meunangkeun informasi ti nu boga naskah. Lian ti éta, aya ogé kartu data *digital* pikeun meunangkeun struktur nu aya dina naskah “Wawacan Ogin Amar Sakti”.

Ieu di handap mangrupa pedoman wawancara nu digunakeun

Tabél 3.1

Pedoman Wawancara

1. Raratan Naskah	
a. Judul Naskah	:
- Dina Naskah	:
- Ceuk Pamilik Naskah	:
b. Nu Ngarang Naskah	
- Ngaran	:
- Umur	:
- Pakasaban	:
- Padumukan	:
c. Nu Nyalin Naskah	
- Ngaran	:
- Umur	:
- Pakasaban	:
- Padumukan	:
d. Nu Boga Naskah	
- Ngaran	:
- Umur	:
- Pakasaban	:
- Padumukan	:
e. Asal-usul Naskah	:
f. Fungsi Naskah	:
2. Waruga Naskah	
a. Ukuran Naskah	:
b. Ruang Tulis	:
c. Kaayaan Naskah	:
d. Jumlah Kaca	:
e. Jumlah Baris per Kaca	:
f. Basa	:
g. Aksara	:
h. Ukuran Aksara	:
i. Wangun Aksara	:
j. Alat Tulis	:
k. Tapak Alat Tulis	:
l. Paginasi	:
m. Rubrik	:
n. Warna Mangsi	:
o. Warna Keretas	:
p. Jenis Keretas	:
q. Kaayaan Tulisan	:
r. Cap Keretas	:
s. Wangun Karangan	:

Pikeun nganalisis struktur formal jeung naratif dina naskah “Wawacan Ogin Amar Sakti”, digunakeun kartu data *digital* saperti ieu di handap.

1) **Tabél Struktur Formal Naskah “Wawacan Ogin Amar Sakti”**

Tabél 3.2
Kartu Data *Digital* Struktur Formal

No	Ngaran Pupuh	Pada ka-	Cutatan Pada/Padalisan	Guru Lagu jeung Guru Wilangan	Watek Pupuh	Sasmita Pupuh

Sangkan leuwih jéntré, ieu di handap conto analisis struktur formal “Wawacan Ogin Amar Sakti”.

Tabél 3.3
Conto Analisis Struktur Formal

No	Ngaran Pupuh	Pada ka-	Cutatan Pada/Padalisan	Guru Wilangan jeung Guru Lagu	Watek Pupuh	Sasmita Pupuh
1	Asmarandana	1	Pangapunten jisim kuring, ka sadaya anu maca, ka sakabéh sepuh anom, tuturut munding ka kanca, diajar sugan bisa, mugi nyuhunkeun dimalum, diajar sugana bisa.	8i 8a 8o 8a 7a 8u 8a	-	-

2) **Tabél Struktur Naratif Naskah “Wawacan Ogin Amar Sakti”**

Tabél 3.4
Kartu Data *Digital* Téma

No	Kode Data	Téma	Cutatan Pada/Padalisan	Keterangan
	I/2/30/TM			

Keterangan:

Kode Data = kanto (nomer pupuh)/kaca/nomer pada/téma

Tabél 3.5
Kartu Data *Digital* Galur

Alur Utama	Sub Alur	Keterangan

Tabél 3.6
Kartu Data *Digital* Palaku

No	Palaku	Kode Data	Cutatan Pada/Padalisan	Kapanggih ogé dina pada ka-
		I/2/30/P		

Keterangan:

Kode Data = kanto (nomer pupuh)/kaca/pada/Palaku

Sangkan leuwih jéntré, ieu di handap conto analisis palaku dina “Wawacan Ogin Amar Sakti”.

Tabél 3.7
Conto Analisis Data Palaku

No	Palaku	Kode Data	Cutatan Pada/Padalisan	Kapanggih ogé dina pada ka-
1	Lasmaya	I/4/13/P	Burey kénéh waktu ditikah ku Gusti, éta putera Nyi Nurhayat, ngagaduhan putera kawalat, jenengan anu ka mashur, putera Ratu Astina Pati, nu ageung Pangéran Sambang, Saka anu bungsu, ari pawarang kadua, kakasihna Lasmaya Maha Dewi, teu acan kagungan putera.	14, 16, 18, 19, 21, 22, 24, 25, 26, 30, 32, jrrd. (disebut 123 kali)

Tabél 3.8
Kartu Data *Digital* Latar

No	Latar	Kode Data	Cutatan Pada/Padalisan
		I/2/30/LT	

Kode Data = kanto (nomer pupuh)/kaca/pada/Latar Tempat

Sangkan leuwih jéntré, ieu di handap conto analisis latar dina “Wawacan Ogin Amar Sakti”

Tabél 3.9
Conto Analisis Data Latar

No	Latar	Kode Data	Cutatan Pada/Padalisan
1	Madusran atawa Madusteran	II/3/11/LT	... nyepeng Nagara Madusran , ...